

## ABSTRAK

***Adinda Sukma Putri, 2022. Kalimpahan Lantah di Sabudeureun Alih Pungsi Leuweung Pinus Ciwidéy Kabupatén Bandung. Diaping ku Drs. Suhara, M.Pd. jeung Dr. Iwan Setia Kurniawan, M.Pd.***

*Lantah gaduh peran penting dina ekosistem nyaéta pikeun pengendali jumlah hama sareng bioindikator lingkungan. Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho tur maluruh kalimpahan lantah di Sabudereun Alih Pungsi Leuweung Pinus Ciwidéy Kabupatén Bandung. Anapon métodeu deskriptif kalayan desain panalungtikan bel transect. salian ti éta téhnik pitfall trap, hand sorting jeung beating tray. Dina ngumpulkeun sampel data panalungtikan, dilaksanakeun kalayan dipasing-pasing jadi genep tempat. Dumasar kana hasil panalungtikan, dipibanda hasil kalayan wincikan 15 spésiés, sapuluh family jeung 14 genus. Jumlah sakabéh lantah anu dipibanda nyaéta 90 lantah. Kalimpahan lantah anu pangonjoyna aya dina Stasion III nyaéta 15 lantah/m<sup>2</sup>. Sedengkeun kalimpahan anu panghéngkérna aya dina Stasion I nyaéta 4 lantah/m<sup>2</sup>. Kalimpahan anu pangonjoyna dina unggal spésiés dina wangun *Tetranagtha extensa*, *Erigone atra* jeung *Holasteron aciculare* nyaéta sajumlah 2 lantah/m<sup>2</sup>. Sedengkeun kalimpahan anu panghéngkérna dina 12 spésiés liana nyaéta 1 lantah/m<sup>2</sup>. Anapon hasil analisis paktor klimatik nyaéta inténsitas cahaya, kelembapan udara jeung suhu udara nyaéta niléy  $r$  square sajumlah 41,5% nu saenyana ngabogaan pangaruh nu cekap pikeun nangtukeun kalimpahan lantah nu aya.*

*Kecap konci: Alih Pungsi Lahan, Kalimpahan, Lantah*